# «ДЕМИШЛЕР» ШЕЖИРЕСИНДЕ МИФОЛОГИЯЛЫҚ ОБРАЗЛАР

**Отениязов Полат Жуманиязович**
*Өзбекстан Республикасы Илимлер академиясы Қарақалпақстан бөлими*
*Қарақалпақ гуманитар илимлер илим изертлеў институты үлкен илимий хызметкери, филология илимлери бойынша (PhD) философия докторы*

Әжинияз Қосыбай улының «Демишлер» атлы шығармасы шежире формасында жазылған. Онда дүньяның, тиришиликтиң пайда болыўы, Адам атаның, пайғамбарлардың, олардың саҳабаларының туўылыўы, олардың күш-қүдирети, адамзаттың халық болып қәлипесиўи, қарым-қатнаслары сөз етилген.

Шайыр:

«Әўелҳа дүньяға келди бәнижан,
Елли мың жылдан соң пәний демишлер.
Инси-жинси, жанлы-жансыз бар инсан,
Адам – кәрўан, дүнья – сәрўан демишлер».

Бунда «бәнижан» дегенде адамзат, адам әўлады нәзерде тутылған. Ал, инси-жинси дегени жин-жыпыр, шайтан сыяқлы мифлик образлар сүўретленген. «Қураны кәрим», «Ҳәдис», «Инжил» (Библия) сыяқлы кәраматлы китапларда да тиришиликтиң пайда болыўы, адамзат пенен бирге оларға зыян тийгизетуғын жаўыз мақлуқлардың да жүзеге келиўи сыяқлы көринислер сәўлеленген. Шайыр усы халық аўызеки дөретпелеринен утымлы пайдаланып, шығарманың көркемлигин арттырған. Әжинияздың дөретпелеринде, атап айтқанда, «Демишлер» шығармасында мифологиялық образлар басым орынды ийелейди.

«Мифологиялық образ – бул көбинесе әдебиятта ҳәм искусствода пайдаланылады. Яғный, мифтиң сюжети тийкарында дөретилген көркем образлар. Мифологиялық образлар әййемги грек әдебиятында Геракл, Прометей, Антей образларын дөретиўде әдебият сол дәўирдеги мифке сүйенеди. Халықтың турмысына динниң келиўи менен христиан, мусылман диний китапларында мифке диний мазмун болды» [Ахметов С., Бақадырова С., 1992. – 62].

Фольклортаныўда мынадай мағлыўматлар ушырасады: «Мифлер ҳәм мифлескен әпсаналардың қаҳарманлары жаратыўшылар, жаратыўшы қудайлар, әпсанаўий пайғамбарлар, гейпара ғайрытәбийий күшлер ғана болыўы мүмкин. Мифлердиң объектлери бизди қоршаған тәбият әлеми – аспанның, аспан денешелериниң, жердиң, ҳәр қыйлы тәбият ҳәдийселериниң пайда болыў себеплерин, тиришилигимиз ушын зәрүрли болған жанлы-жансыз жаратылыстың (дарақ, көл, дәрья, теңиз, таў, от, ҳаўа ҳәм т.б.) пайда болыў дәреклерин түсиндириўи менен ажыралып турады. Мифлердиң дәслепки басқышларының объектлери антропоморфлық өзгешеликлери менен де көринеди. Онда Адам Ата, Ҳаўа Ене, Нуў ҳәм Сүләйман пайғамбарлар мәдений қаҳарманлар сыпатында тиришиликти баслаўшылар, оны қорғаўшылар ҳәм қәлиплестириўшилер образларында көринеди. Мифлердиң руўхый орталығымыздағы ўазыйпасы сол өзлери пайда болған дәўир талапларына ылайық ҳәм белгили бир жәмийетлик тәсирлердиң нәтийжесинде пүткил болмыстың жаратылыс себеплерин түсиндирип бериўден ибарат. Мифлер басым көпшилиги қара сөз (проза) түринде, атқарыўшылары «ҳақыйқат» деп тапқан, бөрттирме сюжетлер жәрдеминде образлары идеалластырылған гиперболизмлердиң ҳәм фантазиялық пикирлеўлердиң эпикалық нәтийжелерин өз мазмунларына жәмлестиреди. Оның идеялық өзгешеликлери, бул дүньяға келип жасаў несип еткен адамлардың өзлери тиришилик етип атырған болмыстың сырларын билиў, оларды қәдирлеў, ҳүрметлеў, жақсы менен жаманды ажыратып үйрениў сыяқлы түсиниклеринде айқын көринеди» [Қарақалпақ фольклоры, 2014. – 5-6].

Буны Әжинияз шайырдың мына қатарларынан да сезинемиз:

Қүдирети күшлидур не қылса субҳан,
Көптен соң жаратты топырақтан инсан.
Кими кәпир болды, кими мусылман,
Бәршениң атасы Адам демишлер.

Субҳан бул – Алла-таала, жаратыўшымыз саналады. Оның күш-қүдиретиниң шеги жоқ. Ол – әлемдеги барлық жанлы ҳәм жансыз нәрселердиң жаратыўшысы, тийкарын салыўшы. Шайыр адамлардың топырақтан жаратылғанын, қандай динге сыйыныўын, олардың барлығы Адам атаның перзентлери екенлигин түсиндиреди.

Мүнәўўәр яратты ай менен күнди,
Руўзы-шәб дийерлер күн менен түнди.
Таўқы ләнет шайтан мойнына минди,
Аның аты Иблис шайтан демишлер.

Бул орында «мүнәўўәр» нур шашып турыўшы, нурға толы, рәўшан, жарқын мәнилерин билдиреди. Яғный, ай менен күн жарқырап, пүткил тиришилик ийелерине нур төгип турыўын шайыр атап өткен. «Руўзы-шәб» болса, кеше-күндиз, күни-түни мәнилерин билдиреди. Таўқы-ләнет – жаза сыпатында гүнәкардың мойнына кийгизип, қулпырып қоятуғын мойынтырық. Яғный, Иблис, шайтан сыяқлы мақлуқлар таўқы-ләнет пенен жазаланады. Бул мифлик образлар шайырдың қатарларында оғада үлкен шеберлик пенен сүўретленген.

Дәргаҳынан қуўды жырақ, даш болды,
Ҳақтың ҳәмири билен бу не иш болды.

Адам менен шайтан сонда қас болды,
Сол себептен бизге душман демишлер.

Иблис, жин-шайтанлар – жаратыўшының дәргайынан қуўылып, Жерге жиберилгени, адамзат пенен бирге жасап киятырғанлығы шайырдың кеўил-кеширмелеринен өткен.

Абыл, Қабыл дөреп Адам, Ҳаўадан,
Нуўҳы, Нәбий, Шийиш кешти дүньядан.
Билмем, нешше мың жыл кешти арадан,
Бул дүнья бир пәний заман демишлер.

Әжинияз Адам Ата ҳәм Ҳаўа Енеден дөрелген пайғамбарлар, туңғыш адамлар, олардың туўылыўы, өмир сүриўи туўралы дереклерди келтирген.

Қарун көзи дүнья-малдан тоймады,
Луқман ҳәким мың жылғаша өлмеди.
Сонша өмир бир зәрреше болмады,
Соңы бул дүньяның әрман демишлер.

Қарун бул – адамзат тарийхындағы ең бай-дәўлетли адам. Оның байлығының шеги жоқ, жер жүзи халқын баға алатуғын тулға. Шайыр бунда, ҳәттеки, Қарун да байлығына қанаат етпегенлигин, адамзаттың нәпси жаман екенлигин түсиндирмекши болған. Ҳәким Луқман (Улықпан) медицина илимин жақсы меңгерген, узақ жасаған болса да өмир бәрибир тез арада өтип кетип, әрман болып қалыўын шайыр атап өткен.

Бул жәҳәнға бина болған төрт хаттаб,
Қуръан, Таўрат, Забхур, Инжил дәўир хаб.
Инсанларға қуда берсин деп инсап,
Шәриятқа хызмет еткен демишлер.

Шайыр адамлар арасында белгили болған кәраматлы китаплар, бул шығармалардың тәлим-тәрбиядағы орны, әҳмийети туўралы ой-пикирлерин билдирген.

Мусылманлар тутып қуръан тәғбирин,
Муҳаммед үммети қуда бирлигин.
Шуның билен жуўып кеўилдиң кирин,
Ҳақ ҳәмирин машғул еткен демишлер.

Бунда Әжинияз ислам дини ҳәм Қуръан китабы, Муҳаммед пайғамбардың күш-қүдиретин, адамлардың исенимин атап өткен.

Гәп айтсам келеди сөзлер дәмбе-дәм,
Көпдур алғанларым ҳаяттан илҳам.
Әлий ибн Әбиў Тәлиб Шәрияр ҳәм,
Диндарлықтан шейит кеткен демишлер.

Өтмиште белгили, уллы уламалар жасаған ҳәм олар адамларға тәлим-тәрбия бериўде устазлық еткен, инсаниятты кәмилликке ийтермелеген. Шайыр усындай уламалардың бири ҳаққында дерек келтирген.

Нешше әсир өтип кеткен арадан,
Әўладлары туранларға тараған.
Алтын Орда ҳәжетине жараған,
Дин мусылман күн кеширген демишлер [Әжинияз, 2014. – 197-202]

Әжинияз тек суфизм тәлийматының ири ўәкили болып қалмастан, тарийхты жақсы билген дөретиўши тулға да саналады. Ол өтмиштеги Алтын Орда дәўириндеги халықтың турмысын да атап өткен.

Шайыр Муҳаммед пайғамбар, оның саҳабалары Әбиўбәкир, Омар, Осман, Әлий, Бийпатманың пири Фатима туўралы да айта кетип, олардың күш-қүдиретине тәрийп берди.

Әжинияз Қосыбай улы ислам динин жетик меңгерген, молла дәрежесине жеткен уллы тулға саналады. Ол араб, парсы, түркий тиллерди меңгерип, сол тиллерде жазылған әдебиятларды оқып, терең билимге ийе болған.

«Барлық көркем өнердиң анасы – халық дөретиўшилиги. Барлық миллий мәдeният, миллий әдебият фольклор зәмийнинде пайда болған. Соған қарап биз айта аламыз: Әжинияздың пүткил дөретиўшилигин камал таптырған зәмийнниң биринщиси – қарақалпақ халық көркем өнери… Әлбетте, Әжинияз фольклорды, оның мотивлери менен сюжетин туўрыдан-туўры алған емес. Ол бәринен бурын халық поэзиясының әжайып традицияларын дөретиўшилик пенен өзлестирди» [Пирназаров, 2022. – 30-31] деп жазды әдебиятшы алым Ә.Пирназаров.

Әзербайжан алымы Н.Мамедов Әжинияз Қосыбай улының шығармаларында халық аўызеки дөретиўшилигиниң ҳасыл үлгилери бар екенлигин атап өтти [Мамедов Н., 2015. – 226-231].

Улыўма алғанда, Әжинияз Қосыбай улының «Демишлер» шежиресинде мифологиялық образлар шебер сәўлеленген. Бул мәселе фольклортаныўда, әдебияттаныўда үйренилиўи тийис.

ӘДЕБИЯТЛАР

1.Ахметов С., Баҳадырова С. Фольклорлық терминлердиң қысқаша сөзлиги. – Нөкис: Билим, 1992. 152 б.
2.Қарақалпақ фольклоры. – Нөкис: Илим, 2014. – 560 б.
3.Әжинияз. – Нөкис: Илим, 2014. – 248 б.
4.Пирназаров Ә. Әдебиятшы, сыншы, алымның Әжиниязтаныў илими. – Нөкис: Авангард баспа, 2022. – 228 б.
5.Məmmədov Nizami-Tagisoy. Qaraqalpaq ədəbiyyati. – Baki: Elm va tahsil, 2015. – 456 b.